लइकन खातिर बाइबिल प्रस्तुति
प्रस्तुतकर्ता

# पतरस अउर प्रार्थना क सामर्थ



लेखक: Edward Hughes

ब्याख्याकर: Janie Forest

अनुकूलित: Ruth Klassen

अनुवादक: सुरेश मसीह

उत्पादित: Bible for Children
www.M1914.org

©2017 Bible for Children, Inc.
अनुज्ञापत्र: आप ए कहानीन क छाया प्रति मुद्रण करा सकीं ला बशर्ते की आप ओके बेचब ना।

प्रेरित पतरस यीशु की बारे में दूसरा लोग के बतावे खातिर पूरा देश क यात्रा कइलन। एक दिन, लुद्दा नामक शहर में, एगो व्यक्ति क मुलाकात पतरस से भइल, उ आठ साल से बिस्तर में पड़ल रहल।



"यीशु मसीह, तोहके चंगा करत बाने" पतरस कहलन "उठअ अउर आपन बिस्तर उठा लअ" उ आदमी तुरंत उठ गइल। जेतना लोग ई देखलन सब परमेश्वर की तरफ मन फिरवलें।



याफा शहर में लोग बहुत ही दुःखी रहलें। एगो दोरकास नामक मसीही बिस्वासी क मउवत हो गइल रहे।





अफसोस से उनकर दोस्त लोग दफनावे की खातिर उनकरी शव के तइयार करे खातिर ओ के ऊपरी कमरा में रखलें अउर एक साथ विलाप करे लगलें।



जइसे ही दोरकास की 'संघतियन के पता चलल की पतरस उनकी क्षेत्र में बाड़न। पतरस के तुरंत याफा में आवे की खातिर ३ लोग नेवता दिहलें।



जब उ ऊपरी कमरा में अइलन, बिधवा लोग पतरस के दोरकास द्‍वारा बनावल अंगरखा अउर कपड़न के दिखवलें।

पतरस ओ सब के
बाहर भेज दिहलन,
अउर नीचे घुटना पर
आके प्रार्थना कइलन
अउर उ शरीर के
पलट के
कहलन, ...



... "दोरकास उठअ" अउर उ अपनी आँखन के खोलली, पतरस के देखली, अउर उ उठके बइठ गोइली।





फिर उ उनकरी हाथ के पकड़ के ऊपर उठवलें; उ संत लोग अउर बिधवा लोग के बुलवलें अउर उनके जिंदा प्रस्तुत कइलें। ई सब याफा भर में फ़इल गइल, अउर बहुतेरे लोग प्रभु पर विश्वास कइलें।


पतरस याफा में लमहर समय खातिर
समुद्र की किनारे एगो घर में
रूकलें। एक दिन
पतरस प्रार्थना
करे खातिर घर
की ऊपरी हिस्सा
पर गइलन।


यदि उ शहर की ऊँच दीवारन पर से देखतन तअ उ जान लेले रहत की
उनके खोजे खातिर
तीनगो यात्री आवत बाड़े।


ई लोग परमेश्वर क भय माने वाला कुरनेलियुस नाम की एगो रोमी सूबेदार क सेवक रहलें।
कुरनेलियुस पतरस के खोजे खातिर अपनी सेवकन के भेजले रहलन ...


... काँहे से कि दूत एगो दर्शन में उनके बतवले रहल। उ शमौन की साथ, जिनकअ घर
JOPPA
समुद्र की किनारे हअ, जे चमड़ा क धंधा करेलें। उ तोहके बतइहन, की तोहके कहाँ जाये के चाहीं।

जब पतरस घर की ऊपरी हिस्सा पर प्रार्थना करत रहलन, परमेश्वर उनके एगो दर्शन दिखवलन। उ एगो महान चादर की तरह पृथ्वी की ओर कुछ उतरत देखलन। उ ओ चादर में अलग अलग पशु अउर पक्षियन के देखलन।



पतरस उनहन के "अशुद्ध" कहलन।
एकर मतलब ई हअ कि धार्मिक यहूदी लोगन के उ सब खइला खातिर अनुमति ना रहल।
अचानक, एगो आवाज आइल "पतरस, उठअ अउर उनहन के मार के खा"।



पतरस कहलन "ना, प्रभु!" "हम ई सब आम चीज या अशुद्ध वस्तु कबो नेईखीं खईले।" एगो आवाज उनके दूसरी बार सुनाई पड़ल।



"परमेश्वर जे के शुद्ध कहले बाड़न ओ के तू अशुद्ध मत कहअ।" अइसन तीन बार भइल। अउर चादर फिर वापस स्वर्ग पर उठा लिहल गइल।



पतरस दर्शन की मतलब के ना समझ पवलन। उ एकरी बारे में सोचत रहलन तबे, परमेश्वर उनके बतवलन कि तीन लोग उनके जोहत बाने, उनहन लोग की साथे जा।



जब तीन आदमी लोग पतरस के
बतवलन की एगो पवित्र स्वर्गदूत
कुरनेलियुस के कहलन
हउअ कि उनके
बोलावल जा।



पतरस अब जान गइल रहलन की परमेश्वर उनकर अगुवाई करत रहलन। अगिला दिन, उ अन्य छह मित्रन की संगे 'कुरनेलियुस की घरे गइलन।





जइसे जइसे उ एगो गैर यहूदी आदमी की घर खातिर जाये शुरू कइलें, पतरस समझे लगन की परमेश्वर सब लोगन के प्रेम करे लन, - परमेश्वर चाहत बाड़न की सब देश क लोग जाने की यीशु मसीह ही दुनिया के उद्धारकर्ता हउवें।





ज्योही पतरस कुरनेलियुस की घेरे पहुँचलन, उ उनकरी सामने दण्डवत करके उनकर आराधना कइलें।

"खाड़ा हो जा। हमहुँ एगो आदमी ही हँई," पतरस कुरनेलियुस के बतवलन। फिर उ घर की सब लोगन से कहलन। "आप लोग ...



... जानत बानी की एगो यहूदी आदमी के केहु दूसरा से सम्बन्ध रखल या कवनो अन्य राष्ट्र की खातिर जाइल केतना गैरकानूनी हअ।"



"लेकिन परमेश्वर हमके बतवलन हअ की हम अब कवनो के अन्य या अशुद्ध करके ना बोलाईं।"




पतरस ओ अन्य जिति (गैर यहूदी लोगन) के बतवलन की यीशु मसीह परमेश्वर क बेटा हउवें; उ क्रूस पर मर गइलन अउर संसार की उद्धारकर्ता होखे खातिर तीसरा दिन मुर्दन में से जी उठलन।


ओ ही घड़ी पवित्र आत्मा उन सब पर उतरल अउर उ सब परमेश्वर क स्तुति करे लगलें। पतरस क उ छः यहूदी मित्र बेहद चकित रहलें।


ई पिन्तेकुस्त की दिन की तरह रहल। पवित्र आत्मा क दान अब अन्यजातियन पर भी उंडेलल गइल रहे। तब पतरस नाया विश्वासी लोगन के बपतिस्मा दिहलन।

यरूशलेम में, मसीही लोग अन्यजाति की पास गोड़ला खातिर पतरस के डँटलें। तब पतरस अपनी दर्शन अउर कुरनेलियुस की बारे में जेवन प्रार्थना की समय प्राप्त कइलें रहलन, के उन सबके बतवलन; ए बातन के सुनके यरूशलेम क मसीही चुप हो गइलें।



अउर उ परमेश्वर के महिमा दिहलें, उ लोगन के दर्शन अउर प्रार्थना की माध्यम से कलीसिया के सिखवलन कि परमेश्वर सबसे परेम करे लें।



# पतरस अउर प्रार्थना क सामर्थ

पबितर बाइबिल, परमेश्वर की वचन में से
ई कहानी लीहल गइल बा

प्रेरितन क काम 9-12

"तोहरी बातन की खुलला से उजियार होला"
भजन संहिता 119:130

# समापन

बाइबल क इ कहानी हमनी के अपनी ओ अद्भूत परमेश्वर की बारे में बतावे ले, जे हमनी के बनवले हउवन अउर उ चाहत बाड़न कि हमनी क उनके जानी जा।

परमेश्वर जानत बाड़न कि हमनी क अइसन गुनाह कइले बनी जा जेकरा के उ पाप कहेलें। पाप क सजा मौत हअ, लेकिन परमेश्वर आपसे एतना परेम कइलन कि उ आपन एकलौता बेटा यीशु के ए दुनिया में भेजनल ताकि उ सूली पर चढ़ के हमनी की पापन क सजा भुगतें। यीशु मूवला की बाद फिर से जिन्दा हो गइलन अउर स्वर्ग में अपनी घरे चल गइलन यदि आप यीशु में विश्वास करअब अउर अपनी उनसे अपनी पापन के क्षमा मांगअब तअ उ आपकी प्रार्थना के सुनिहन उ आके आपकी अन्दर बसिहन अउर आप हमेशा खातिर उनकी संगे बनल रहअब।

यदि आपके विस्वास बा कि इ
सब कुछ सच हअ तब आप परमेश्वर से कहीं:
हे प्रिय यीशु, हमके विश्वास बा कि आप ही परमेश्वर हँई
अउर हमरी पापन की कारन आप मानुष रूप में अवतार
लिहनी, मर गइलीं अउर दुबारा जी उठलीं अउर अब जीयत
बानी। कृपा करके हमरी जिंदगी में आयीं अउर हमरी पाप
के क्षमा करीं ताकि हमके नाया जीवन मिल सके, अउर
एक दिन हम आपकी संगे हमेशा रहे खातिर आ सकीं।
आप मदद करीं कि हम पापकी बेटा की तरह रहीं
अउर आज्ञा पालन कर सकीं। आमीन।

परमेश्वर से रोज बात करे खातिर
बाइबल पढ़ीं! यूहन्ना 3:16